



# Yo depann sou ou. Ou ka depann sou nou.

## Solisyon pou Moun ki Bay Swen

### Sipò nan Bay Swen ou Ka Fè Konfyans

Moun ki bay swen yo konnen lè w ap okipe yon paran, oswa yon moun ou marye, oswa yon timoun oubyen yon pitit-pitit ki andikape, sa kapab yon eksperyans ki bay anpil satisfaksyon. Men sèlman, si ou gen moun w ap okipe tout tan, pandan ou gen yon travay, ak fanmi sou kont ou, an menm tan avèk lòt responsablite, sa kapab difisil.

Solisyon pou Moun ki Bay Swen yo la gratis, pou moun ki kalifye pou bay swen. Pwogram sa a fèt pou sipòte ou nan travay espesyal w ap fè nan okipe moun lan, epi li pote ba ou enfòmasyon enpòtan, ansanm ak resous, sèvis, ak sipò pou ede ou bay swen eksepsyonèl pandan w ap okipe tèt ou ak sa ou bezwen nan lavi.

### Kisa Solisyon pou Moun ki Bay Swen yo Fè ?

**Rele Boston ElderINFO nan 617-292-6211 (TTY:617-451-6404).** Konseye moun kap bay swen yo ape de ou antre nan yon pwogram moun kap bay swen. Konseye moun kap bay swen yo ap fe yon evalyasyon ki konsantre sou bezwen ak objektif moun ke wap pran swen an.

### Sipèvizyon ak Sipò pou Bay Swen

Konseye pou Moun ki Bay Swen nou yo gen eksperyans nan sèvi avèk sistèm fragmente pou bay swen ak sèvis sosyal la. Yo kapab konnekte ou avèk sèvis ak sipò ki pral pèmèt ou bay pi bon swen ki posib, ak ofri ou solisyon pou ede ou rezoud pwoblèm nan bay moun swen. Epi yo pral ba ou, ansanm ak patnè ou nan bay swen, yon apwòch total nan bay swen ki santre sou byennèt fizik, emosyonèl, ak esperityèl.

## Sèvis ak Resous pou Bay Swen

Solisyon pou Moun ki Bay Swen yo fè plizyè kalite sèvis ak sipò pou moun ki bay swen ansanm ak patnè yo, san mande peye, tankou:

- Konsèy pou sipò
- Swen pou repi, okipe granmoun lajounen, ak sèvis konpayon
- Sipò lakay moun (tankou fè mennaj, kwit ak sèvi manje, epi lòt ankò)
- Sipèvizyon ak asistans pou moun ki bay swen adistans, nan opsyon ki prevwa swen adistans yo
- Gwoup sipò pou Moun ki Bay Swen (ou ka jwenn anliy kounye a) pou sipòte byennèt emosyonèl
- Edikasyon ak fòmasyon pou Moun ki Bay Swen sou sekirite moun lakay yo, tankou prekosyon pou anpeche moun tonbe, evalyasyon konpòtman sou aspè sante, epi estrateji pou relasyon sosyal
- Edikasyon ak sipèvizyon nan swen pou moun anpil laj ki pèdi memwa oubyen ki fè demans ak / oswa Maladi Alzaymè
- Sipèvizyon sou konvèsasyon ak plannifikasyon pou moun ki pral mouri
- Bous etid pou pwogram apre lekòl ak nan kan ete
- Teknoloji asistans ak ekipman pou adaptasyon

## Lavi nan Fanmi pou Granmoun Anpil Laj (AFC, ki vle di "Adult Foster Care")

Si ou bay swen nan tan konplè pou yon moun ki pa kapab viv poukont li paske li gen yon maladi kwonnik oswa yon andikap, epi li nan pwogram MassHealth la, ou kapab kalifye pou patisipe nan pwogram AFC nou an, ak resevwa asistans finansyè pou peye nan depans pou viv. Ekip espesyal enfimyè ak administratè dosye nou yo fè klas ak fòmasyon nan kay pou moun, ansanm ak fè sèvis sosyal ak bay sipò, pou ede ou ak patnè pou swen ou, viv byen nan yon kote pou nou viv ansanm. Pou kalifye, moun k ap bay swen nan pwogram AFC nou an pa dwe mari oubyen madanm, ni responsab legal, ni patnè pou swen lòt moun lan. Konseye pou Opsyon nou yo kapab esplike kondisyon nan pwogram lan, epi ede nan pwosesis pou fè aplikasyon an.

## Enfòmasyon sou Boston Senior Home Care (Swen Lakay pou Moun Anpil Laj nan Boston)

Boston Senior Home Care se yon ajans ki pa travay pou benefis nan sèvis pou moun, ki fè tout sa ki posib pou moun anpil laj, ak moun ki gen andikap, ak moun ki bay swen kapab jwenn sèvis sosyal ak sipò tankou tout moun, avèk resous pou yo viv endepandan. Depi 1974, n ap bay swen ki pa koute chè lakay moun, ansanm ak sèvis kominotè ki pèmèt moun ki gen anpil laj ak moun andikape rete viv kote yo chwazi a, toutotan sa posib. Jodi a, nou ofri tou sèvis ak sipò pou lontan, ak pwogram ki baze sou siy maladi, epi sipò ak resous pou bay swen.

**Pou plis enfòmasyon, rele nimewo 617-292-6211  
(TTY: 617-451-6404) oubyen gade nan adrès [bshcinfo.org](http://bshcinfo.org).**



BOSTON SENIOR  
HOME CARE